

BAB III

MÉTODE PANLUNGTIKAN


Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téknik ngumpulkeun data anu ngawengku instrumén panalungtikan, jeung alur panalungtikan, sarta analisis data.

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga udagan pikeun maham fénoména anu kaalaman ku subjék panalungtikan, misalna palaku, persepsi, motivasi, tindakan, jsb. Sacara holistik ku cara didéskripsikeun kana wangun kekecapan atawa basa dina hiji kontéks husus anu alamiah ku cara ngamampaatkeun métode ilmiah (Moléong, 2012, kc. 6).

Dumasar kana métode anu dipilih, udagan anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan, nyaéta pikeun ngadéskripsikeun ajén éstétika, sarta unsur struktural tia objék panalungtikan anu mangrupa rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga udagan sangkan nyangking gambaran luyu henteuna rumpaka-rumpaka tina album kawih *Kolot Kalapa* upama dijadikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X.

3.1 Desain Panalungtikan

Sangkan leuwih babari dina ngalaksanakeun panalungtikan, perlu ayana desain panalungtikan anu puguh éntép seureuhna. Desain panalungtikan nyaéta sakabéh prosés anu diperlukeun dina nyieun rarancang jeung waktu lumangsungna panalungtikan. ieu panalungtikanana ngaliwatan sababaraha léngkah, nyaéta (1) milih masalah (2) ngumpulkeun data (3) nangtukeun métode, (4) nganalisis data, (5) ngadéskripsikeun jeung interprétasi data, jeung (6) nyieun kacindekan. Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah panalungtikan ébréh dina bagan 3.1.



Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan

Bagan 3.1 ngandung ma'na yén ieu panalungtikan téh dimimitian ku nangtukeun masalah, ngumpulkeun data ku cara wawancara kalayan instrumén datana nyaéta kartu data jeung pedoman wawancara. Satuluyna data dianalisis ajén éstétika jeung struktural, didéskripsikeun datana, kalayan pamungkas nyieun kacindekan.

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

. Anu jadi sumber dina ieu panalungtikan nyaéta kasét *DVD* anu judul albumna *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah anu dijero éta album aya dalapan lagu medal taun 2015 anu di nyanyikeun ku Rita Tila.

3.2.1 Data

Data mangrupa hal poko nu rék di talungtik. Dina ieu panalungtikan, nu baris di talungtik nyaéta rumpaka lagu album kawih *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah diantarana judul kawihna ieu di handap.

- a. Kolot Kalapa
- b. Mawar Lumayung
- c. Bulan Priangan
- d. Imut Salira
- e. Entog Mulang
- f. Ukur Cimata
- g. Harepan
- h. Jempling Peuting

3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun (Arikunto, 2010 kc. 172) nétélakeun yén anu dimaksud sumber data dina panalungtikan nya éta subjek timana asalna meunangkeun data. Dina ieu panalungtikan panalungtik ngagunakeun téknik wawancara, jeung dokuméntasi. Sabab dina néangan datana, panalungtik ngalakukeun wawancara ka réspondén, nyaéta jalma-jalma anu leuwih nyaho. Réspondén méré jawaban kana pananya-pananya panalungtik boh lisan boh tulisab. Panalungtik ogé ngagunakeun téhnik observasi, sabab sumber datana mangrupa benda. Sumber utama tina ieu panalungtikan nyaéta téks karya sastra mangrupa rumpaka kawih. Sangkan leuwih jéntré ieu di handap baris dipedar idéntitas albumna.

Judul album : Kolot Kalapa

Studio rékaman : Daséntra

Taun : 2015

Pangarang rumpaka: Ubun R Kubarsah, Gun Gunawi, Asep Ahung

Juru kawih : Rita Tila

Jumlah kawih : 8 Kawih

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data


Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi dokuméntasi. Nurutkeun Sugiyono (2018, kc. 240) dokumén mangrupa catetan peristiwa nu geus kaliwat. Dokumén bisa dina wangun tulisan, gambar, atawa karya-karya monuméntal hiji jalma. Dokumén dina wangun tulisan misalna catétan poéan, sajarah kahirupan, ceritera, biografi, jeung kawijakan. Dokumén dina wangun gambar, misalna foto, gambar hirup, skétsa, jsb. Sedengkeun dokumén dina wangun karya seni saperti gambar, film, patung, jsb. Data dina ieu panalungtikan nyaéta rumpaka kawih album *kacapi harmonian* karya Ubun Kubarsah.

Dumasar téhnik di luhur, data dikumpulkeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Nangtukeun objék nu ditalungtik nyaéta rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah;
- b. Nranskipkeun lagu tina wangun album kana tulisan;
- c. Nangtukeun tiori-tiori nu ngarojong kana panalungtikan;
- d. Nganalisis unsur-unsur struktural rumapaka lagu album *Kolot Kalapa*;
- e. Nganalisis ajén éstétika rumapaka lagu album *Kolot Kalapa*.

3.3.1 Prosedur atawa Galur Panalungtikan

Prosedur/galur panalungtikan anu dilaksanakeun ti mimiti nepi ka ahir panalungtikan nyaéta:



Bagan 3. 2
Prosedur atawa Galur Panalungtikan

Bagan 3.2 ngandung ma'na yén prosedur atawa galur dina ieu panalungtikan dimimitian ku wawancara ngeunaan objék panalungtikan, néangan tiori anu saluyu jeung panalungtikan, néangan buku sumber anu ngarojong kana panalungtikan, nranskripkeun kawih tina album kana wangun tinulis, nganalisis data, kalayan dipungkas ku nyieun kacindekan.

3.3.2 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 192) instrumén nyaéta alat anu ngarojong panalungtikan nalika ngagunakeun hiji métode. Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta :

a. Kartu Data

Minangka instrumén kartu data gunana pikeun ngumpulkeun data anu dianalisis jeung mindahkeun data anu geus aya. Éta kartu téh digunakeun nyebut rumpaka kawih anu eusina ngawengku judul, nu nyanggi, wangun rumpaka. Ieu dihandap mangrupa format kartu data.

1) Transkripsi Kawih

Tabél 3. 1
Data Transkripsi Kawih

No.	Judul Rumpaka	Nu Nyanggi	Wangun Rumpaka	Kode Rumpaka
1				

2) Unsur Rumpaka

Tabél 3. 2
Data Unsur Rumpaka

No	Kode Rumpaka	Jumlah Pada	Jumlah Padalisan	Guru lagu jeung guru Wilangan, pada:
1				

3) Struktur Rumpaka

Tabél 3. 3
Struktur Rumpaka

Struktur Rumpaka
Kode Rumpaka :
Imaji :
Simbol/Lambang :
Musikalisasi/Wirahma :
Suasana :
Téma :
Gaya Basa:

4) Analisis Ajén Éstétika

a) Kabahasaan : Gaya basa, jeung purwakanti

Tabél 3. 4
Analisis Ajén Éstétika Kabahasaan

No	Purwakanti	Kode Data	Cutatan	Déskripsi

b) Eusi

Tabél 3. 5
Analisis Ajén Éstétika Eusi

Ajén Éstétika Eusi
Kode Rumpaka :
Téma :
Nada :
Rasa :
Amanat :

b. Téhnik Wawancara

Salian ti éta ieu panalungtikan ogé ngagunakeun téhnik wawancara. Ieu dihandap mangrupa pedoman wawancara anu digunakeun.

Tabél 3. 6
Pedoman Wawancara

PEDOMAN WAWANCARA
1. Saha nu gaduh gagasan mimiti dina nyiptakeun karya kacapi harmonian teh? Naha bapa atanapi aya rojongan ti nu sanes;
2. Kumaha kasang tukang Bapa Ubun Kubarsah dina nyiptakeun karya kacapi harmonian;
3. Kumaha kasang tukang nyiptakeun album kawih <i>Kolot Kalapa</i> ;
4. Kumaha gagasan mimiti disanggina ieu rumpaka kana wangun lagu kawih;
5. Kumaha proses kreatif dina nyiptakeun rumpaka lagu album <i>Kolot Kalapa</i> ;
6. Kumaha konsep penciptaan lagu dina album <i>Kolot Kalapa</i> ;
7. Kumaha proses kreatif Bapa Ubun Kubarsah dina nyiptakeun konsep lagu anu bisa ditarima ku masarakat.

Tabél 3. 7
Data Informan

DATA INFORMAN
Wasta : Umur : Padumukan : Warna Jinis : Pakasaban : Atikan : Basa nu diapaké sapopoé :

3.4 Analisis Data

Sabada data kakumpul, dituluykeun kana ngolah data. Léngkah-lengkahn ngolah data anu dipaké dina ieu panalngtikan nyaéta:

- a. nyieun transkrip rumpaka kawih tina wangun album;
- b. nganalisis prinsip anu ngabédakeun antara kawih heubeul jeung Kolot Kalapa;
- c. nganalisis ajén éstétika anu nyangkaruk dina rumpaka lagu kawih album Kolot Kalapa;
- d. nganalisis struktur puisi rumpaka dina lagu kawih album Kolot Kalapa;
- e. matalikeun objék anu geus ditalungtik jeung pangajaran kawih di SMA kelas X.

Yoga Agung Nugraha, 2020

AJĒN ÉSTĒTIKA DINA RUMPAKA KAWIH ALBUM *KOLOT KALAPA* KARYA UBUN KUBARSAH PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X (Ulikan Struktural)

Unoiversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu